

# FANMSAJ AK SANTE KOMINOTE A

Depi plizyè milye ane, byen lontan anvan te gen doktè ak lopital, te gen fanmsaj ki t ap ede medam yo rete an sante, ki t ap ede bebe fèt, epi ki t ap ede fanmi yo grandi. Mande nenpòt fi poukisa li prefere pou se fanmsaj ki ba l swen, e l ap di w se paske fanmsaj yo gen bon konesans, yo pasyan, e yo respekte tradisyon yo.



Poukisa fanmsaj yo gen enpòtans ak valè konsa?

- Fanmsaj yo kwè nan sekirite gwosès ak akouchman an, epi yo gen konfyans medam yo ka travay ansanm pou yo pwoteje sante yo.
- Jeneralman, fanmsaj yo viv nan kominote yo sèvi yo, konsa fanmi y ap ede yo konnen yo e yo fè yo konfyans.
- Anpil fanmsaj pase plis tan avèk fanm ansent yo pase doktè yo oswa lòt moun k ap travay nan klinik yo. Konsa yo ka pi byen konprann bezwen yo genyen yo, epi yo ka wè move siy pi fasil.
- Pifò fanmsaj se fi yo ye. Anpil medam pi alèz pou yo pale ak yon fi pase pou yo pale ak gason k ap travay nan domèn swen sante a.
- Fanmsaj konn mande mwens lajan pase doktè oswa lopital, paske yo bay bonjan swen plis enpòtans pase lajan oswa pouvwa.
- Nan zòn ki pòv, ki pa gen lopital oswa dispansè, kapab se fanmsaj la ki sèl pwofesyonèl k ap travay nan domèn swen sante a ki nan zòn nan.

Pou tout rezon sa yo, anpil kote sou tè a se fanmsaj ki premye oubyen sèl pwofesyonèl yon fi chèche pou l jwenn swen sante, swa pandan l ansent, swa pou yon lòt rezon. Men, fanmsaj yo fè fas ak plizyè defi nan travay enpòtan sa y ap fè a.

## DEFI

Petèt pi gwo defi pou fanmsaj (e anfèt, pou nenpòt pwofesyonèl lasante) se lite kont maladi ak lanmò medam yo ak bebe yo. Chak ane, plizyè santèn milye fi mouri pandan gwosès oubyen pandan tranche a. Gen plizyè milyon lòt fi ki blese oswa ki domaje. Pifò fi ki blese oswa ki mouri se moun ki pòv, moun ki pa gen ase manje, ki pa gen kay konvnab pou yo rete, e ki pa ka jwenn bonjan swen sante.

Pifò fanmsaj rete nan zòn ki pòv, e anpil ladan yo pa touche ase lajan pou yo pran swen tèt yo. Se moun nan chak kominote ki pou montre fanmsaj yo jan travay yo gen enpòtans lè yo soutni yo nenpòt fason yo kapab. Li t ap saj pou gouvènman lokal yo investi pou yo ka gen bon fanmsaj nan zòn yo. Men, se raman gouvènman sa yo ede fanmsaj yo jwenn fòmasyon oswa ekipman yo bezwen, byenke gouvènman sa yo bezwen fanmsaj sa yo pou sitwayèn pa yo jwenn swen sante yo bezwen an.

Anplis pa touche, fanmsaj yo konn pa jwenn respè yo merite. Doktè ak lòt moun konn minimize travay fanmsaj yo ap fè. Lè yo pa bay yo tout valè yo merite antanke yon pwofesyonèl, sa anpeche yo fè travay yo, byenke nou tout ap travay nan domèn swen sante a pou menm objektif yo. Pafwa yo ka pa kite yon fanmsaj antre nan lopital la ansanm ak fanm ansent l ap pran swen an nan ka dijans.

*Mwen travay nan yon restoran 6 jou pa semèn, epi mwen gen yon fanmi pou m pran swen. Mwen toujou fatige, e mari m pa vle m kontinye asiste akouchman.*

*Men, mwen kontinye paske mwen fò ladan l, mwen renmen l, e se devwa m nan sa a.*



Fanmsaj tradisyonèl fè fas ak defi patikilye. Anpil pwofesyonèl, menm fanmsaj pwofesyonèl, wè fanmsaj tradisyonèl yo kòm moun ansyen ki pa konn sa y ap fè a. Men, fanmsaj sa yo ka gen anpil konsesans sou akouchman, e yo ka konnen anpil remèd fèy, yo konn rale byen, oswa yo konnen lòt teknik ki efikas e ki san danje. Kòm anpil moun ap kite andeyò pou yo vin viv nan vil, kapab se fanmsaj sa yo sèlman k ap prezève koutim ak metòd ki la lontan yo. Fanmsaj tradisyonèl yo konn travay pou yon tikras kòb, menm pou granmesi, men yo kontinye travay paske yo kwè nan sa y ap fè a. Menm jan ak lòt fanmsaj, yo fè travay yo paske yo renmen manman yo ak bebe yo, paske yo vle fè byen pou kominote y ap viv ladan l lan, e paske yo santi se yon devwa pou yo fè l.

### **Ki jan Yon Liv Pou Fanmsaj ka ede yo**

Fanmsaj bezwen enfòmasyon ki egzak pou ede yo pwoteje sante pa yo, sante medam yo, sante bebe yo, ak sante fanmi yo. Yo bezwen metòd pou yo goumen kont povrete, enjistis, ak fason yo maltrete medam yo. Yo bezwen konnen fason pou yo travay ansanm e pou yo travay avèk lòt pwofesyonèl pou avansman sante kominote a. Nan liv *Yon Liv Pou Fanmsaj* la, ou pral jwenn:

- Enfòmasyon w bezwen pou pran swen manman yo ak pitit yo pandan gwosès, tranche, ak akouchman, e nan semèn apre yo, paske se sa ki prensipal travay yon fanmsaj.
- Fason pou pwoteje sante medam yo pandan tout vi yo, paske sante yo enpòtan menm lè yo pap fè pitit, e si yo an sante pandan yo poko ansent, y ap pi an sante lè yo ansent.



- Metòd ki efikas e ki san danje, ki soti ni bò kote fanmsaj tradisyonèl yo, ni nan lamedsin oksidantal la, paske bonjan swen sante pandan tranche ak akouchman gen ladan l teknik toude.
- Nou pale sou fason povrete ak jan yo meprize bezwen fi yo konn afekte sante medam yo, e ki jan fanmsaj yo ka travay pou yo amelyore sityiyasyon sa yo yon fason pou yo pote yon solisyon k ap dire.
- Sijesyon sou fason fanmsaj yo ka travay ansanm, fason yo ka travay ak lòt pwofesyonèl lasante, ak fason yo ka travay ak kominote a, paske lè nou travay ansanm, sa fòtifye kapasite tout moun, e konsa travay tout moun ap fè pou amelyore sante medam yo ap vin pi efikas.

Prensip de baz fanmsaj yo aplike yo pap janm chanje. Medam yo ak fanmi yo ap toujou bezwen swen ki montre konpasyon ak respè, ni anvan, ni pandan, ni apre akouchman. Kòm li toujou bon pou fanmsaj yo aprann plis, nou swete enfòmasyon ki nan liv sa a ap ede fanmsaj ki toupatou sou tè a aprann nouvo metòd ki trèzenpòtan, e nou swete y ap aplike metòd sa yo pou byennèt medam yo, bebe yo, ak fanmi y ap sèvi yo.

*Grann mwen se yon fanmsaj.  
Li itilize remèd fèy ak masaj  
pou l ede fanm ansent yo.*



*Mwen t al lekòl nan vil la pou m  
te vin yon fanmsaj, e mwen  
aprann grann mwen kèk nouvo  
teknik sou fason pou l esterilize  
zouti, ki jan pou l veye move siy,  
e ki jan pou l redui danje yo  
pandan akouchman.*

*Men, m ap toujou aprann  
ansyen metòd yo nan men l.  
Anpil ladan yo toujou mache pi  
byen pase nouvo metòd yo.*

CHAPIT 1

# Yon ti pale ak fanmsaj yo

Nan chapit sa a:

<b>Aprann se yon bagay moun fè pandan tout lavi yo .....</b>	<b>1</b>
<b>Pataje sa w konnen .....</b>	<b>3</b>
Pataje sa w konnen avèk lòt fanmsaj ak pwofesyonèl lasante .....	3
Pataje sa w konnen avèk kominote a .....	4
<b>Swen sante ki montre respè ak konpasyon .....</b>	<b>6</b>
Pa kritike moun .....	6
Suiv pwòp konsèy w .....	6
Ede moun ede tèt yo .....	7
Koute plis, pale mwens .....	7
Pale sou sijè difisil yo san kache anyen .....	7
Pa devwale bagay ki konfidansyèl .....	7
<b>Travay pou amelyore sante medam yo .....</b>	<b>8</b>
Moun ki gen enfluyans sou sante medam yo .....	8
Travay ansanm pou sove lavi .....	10
Gason ka pran swen sante fi .....	9
<b>Fè travay ou ak kè kontan .....</b>	<b>11</b>

# YON TI PALE AK FANMSAJ YO



Pou w ka travay an favè sante ak byennèt fi ak bebe (sa vle di, pou w ka yon fanmsaj) ou dwe anmezi pou w aprann, pou w trete moun avèk respè ak konpasyon, epi pou w travay ansanm avèk lòt moun pou nou pran swen sante kominote a.

## Aprann se yon bagay moun fè pandan tout lavi yo

Premye etap pou w vin yon fanmsaj (oswa pou w vin nenpòt pwofesyonèl k ap travay nan domèn swen sante a) se pou w aprann nan men lòt moun. Menm fanmsaj ki gen plis eksperyans yo kontinye aprann pandan tout lavi yo pou yo ka jwenn plis konesans ak kapasite.

Fanmsaj yo aprann grasa eksperyans, nan liv, ak nan fòmasyon. Li enpòtan pou yo aprann tout fason sa yo. Tout fanmsaj yo dwe jwenn yon ekilib ant fè etid avèk fè pratik.

Liv ak etid ede fanmsaj yo aprann enfòmasyon sou divès sijè.



Sepandan, fè pratik se sèl fason pou yo aprann tout sa yo bezwen konnen pou yo pran swen fi ak bebe.



## Fanmsaj ki gen eksperyans yo kontinye aprann

Toujou gen plis bagay pou w aprann sou akouchman ak swen sante. Chak akouchman diferan, enfòmasyon medikal toujou ap chanje, epi vin gen nouvo teknik pou moun aprann. Toutotan w se yon fanmsaj, ou kapab fè sa yo:



- **Gade** ki jan lòt fanmsaj, pwofesyonèl lasante yo, avèk doktè ap fè travay yo.
- **Mande** fi oswa fanmi w ap travay pou yo ki sa yo renmen ak ki sa yo pa renmen nan swen w ap ba yo a.
- **Li** liv ak lòt dokiman ki pale sou kesyon swen sante. Se pou w pote liv ki enpòtan yo ansanm avèk ou yon fason pou w ka chèche enfòmasyon ou pa sonje oswa enfòmasyon ou pa itilize souvan.
- **Aprann** nouvo teknik. Si w ka jwenn fòmasyon ak zouti k ap pèmèt ou aprann yon nouvo teknik san danje, pa ezite fè sa. Sa pral pèmèt ou ede plis fi nan kominote a epi w ap vin yon pi bon fanmsaj.

Fanmsaj ka aprann nan men pwofesè, nan liv, nan men lòt fanmsaj, ak nan men lòt pwofesyonèl k ap travay nan domèn swen sante a. Pi souvan yo aprann fason pou yo fè travay yo san danje. Men, plis yon fanmsaj ap fè eksperyans, se plis l ap dekouvri kèk nan bagay li aprann yo se pa meyè fason, ni se pa fason ki pi efikas pou l pran swen medam yo.

Fanmsaj yo dwe dispoze pote chanjman lè yo aprann yon nouvo teknik, konsa y ap toujou travay ann amoni ak pi bon metòd ki posib yo. Yon fanmsaj dwe kapab gade tèt li onètman pou l pote yon kritik sou fason l fè a, kit li te aprann metòd li yo nan men doktè, nan men medsen fèy, oswa nan men yon lòt moun.

## Mande “poukisa?”

Li enpòtan pou w mande “poukisa”, paske sa ede w fè plis pase jis sonje sa yo te di w la oswa sa w te li a. Lè w konnen poukisa, ou ka pran desizyon menm lè w pa gen moun oswa liv ki pou di w egzakteman ki sa pou w fè. Konsa tou, ou ka adapte yon tretman oswa yon zouti pou w ka sèvi avè l yon nouvo fason lòt moun potko konnen. Finalman, li enpòtan pou w mande “poukisa” pou w ka konprann sa ki lakòz pwoblèm yo, e konsa w ka rezoud pwoblèm yo pi byen, epi w ka anpeche yo tounen.

## Pataje sa w konnen


Fanmsaj yo aprann anpil nan liv ak nan men pwofesè, men yo ka aprann plis toujou nan men fanmsaj parèy yo ak nan men fanmi y ap pran swen yo. Epi, fanmsaj yo ka amelyore kondisyon sante moun yo lè yo pataje sa yo konnen ak kominote a.

### PATAJE SA W KONNEN AVÈK LÒT FANMSAJ AK PWOFESYONÈL LASANTE

Fanmsaj ka travay ansanm pou yo youn ede lòt. Si yon fanmsaj tonbe malad oswa li pa ka travay, yon lòt fanmsaj ka ede fanmi li t ap pran swen an. Konsa tou, fanmsaj ka aprann nan men youn lòt epi yo ka antrene youn lòt. Nan kèk kominote, fanmsaj yo ak lòt pwofesyonèl lasante yo pataje enfòmasyon youn ak lòt, epi yo pale de travay yo fè yo ak tout franchiz. Gen fanmsaj ki konn reyini ansanm anviwon 2 fwa chak ane pou yo konpare enfòmasyon, epi pou yo pataje resous. Nan reyinyon sa yo nou ka fè bagay sa yo:

- **Chak fanmsaj ka rakonte akouchman li te fè.** Asire w ou pale sitou sou akouchman ki te difisil yo epi sou erè w te fè yo. Li pa fasil pou yon moun admèt erè li te fè, men se yon gwo kado sa ye lè sa bay okazyon pou lòt moun aprann. Lè konsa lòt fanmsaj yo ka esplike ki sa yo t ap fè ki menm oswa ki sa yo t ap fè ki diferan. Pou w ka pwoteje vi prive manman an ou pa bezwen site non l.
- **Mande lòt pwofesyonèl lasante yo pou yo vin reyini ak gwoup la.** Pa egzanp, yon medsen fèy ka vin pale sou fèy nan lokalite a ki ka konbat enfeksyon. Oubyen tou, yon gwoup fanmsaj ka pale avèk enfimyè k ap travay nan sant matènite ki nan zòn nan sou ki jan fanmsaj ak enfimyè yo ka travay ansanm.

*Pwochè fwa, m ap sonje pran tanperati manman an pandan l ak tranche. Konsa m ap ka gentan wè si l fè enfeksyon.*



- **Pataje liv k ap enstwi yo (tankou liv sa a!) avèk lòt fanmsaj.** Si nou youn pa gen ase lajan, petèt plizyè fanmsaj ka mete ansanm pou yo achte yon liv pou yo li ansanm.



- Fè seyans pratik (kote diferan fanmsaj jwe wòl fanm ansent) sou ki jan pou ede fi ki gen tout kalite pwoblèm. Pa egzanp, youn ka pretann li se yon fanm ansent ki pa manje ase manje ki ekilibre. Yon lòt moun ka pretann li se yon fanmsaj k ap koute l epi k ap ba l konsèy. Apre sa, chak aktè sa yo ka pale sou ki jan yo te santi yo, epi lòt moun nan gwoup la ka fè sijesyon sou ki sa yo t ap fè diferan. Asire w tout moun gen posiblite pou yo jwe youn nan wòl yo.



- **Sèvi ak konesans plizyè fanmsaj.** Si youn ladan yo konn li, li ka li nan liv awotvwa pou lòt fanmsaj yo koute. Yon fanmsaj ki konn esterilize zouti ka montre lòt fanmsaj nan gwoup la ki jan pou yo fè sa.

## PATAJE SA W KONNEN AVÈK KOMINOTE A

Antanke fanmsaj, ou bay konsèy, ou fè tretman, ou menm sove vi moun. Sepandan, sante pifò moun nan kominote a pa sou kont ou sèlman. Youn nan rezon pou sa se paske tout moun fè chwa pa yo sou ki sa y ap manje, ki jan y ap fè travay yo, ak nan lòt domèn. Lè w anseye yo oswa w pataje enfòmasyon avèk yo, ou ka ede yo fè pi bon chwa. Se sa k fè premye devwa w kòm fanmsaj se anseye lòt moun.

Ou ka anseye moun nenpòt kote ak nenpòt ki lè. Lè w ap fè yon konsiltasyon epi w di madanm nan pou ki rezon w ap poze l chak kesyon, se anseye w ap anseye l. Lè w esplike mari l planin se responsablite pa l tou, se anseye w ap anseye l. Menm lè w nan mache a, nan yon reyinyon, oswa nan nenpòt lòt rankont, ou gen posiblite pou w anseye lòt moun.

## Anseye nan klas

Ka gen sijè ki bon pou anpil moun nan kominote a aprann. Si sa posib, òganize reyinyon regilye ak fanm ansent, ak fanmi, oswa ak lòt moun nan kominote a pou anseye yo konsènan swen sante ak akouchman. Ou ka anseye yo sou pwèn sa yo:

- Ki jan kò moun fonksyone.
- Ki jan pou yo chwazi epi itilize planin.
- Ki jan pou yo manje epi pran swen tèt yo.
- Ki jan pou yo akouche san danje.
- Ki jan pou yo pran swen tèt yo apre akouchman epi ki jan pou yo bay bebe a tete.

Zòrèy w yo se  
2 nan zouti pi  
enpòtan w  
genyen.



Anseye mande yon sèten kapasite, donk fò w fè pratik. Premye kote pou w kòmanse se aprann koute. Lè w dekouvri ki sa moun deja konnen, w ap ka ede yo ajoute sou konesans yo. Epi, lè w pran tan pou w koute yo, gen bagay w ap ka aprann nan men yo tou.

Pa egzanp, si yon gwoup medam vle aprann enfòmasyon konsènan maladi moun pran nan fè sèks, ou ka kòmanse mande chak moun ki sa l konnen de maladi sa yo. Gen fi ki ka konnen kèk bagay dapre sa yo te li nan liv, sa yo te aprann lekòl, nan pale ak lòt fi, oswa paske yo te pran maladi konsa deja.

Aprè tout moun fin pataje sa yo konnen, mande yo ki kesyon yo genyen. Petèt gen moun nan gwoup la ki ka reponn kesyon youn lòt. Pwobableman w ap bezwen ajoute kèk enfòmasyon medikal ki enpòtan oubyen esplike yo ki sa yo kwè ki pa kòrèk. Lè w ankouraje gwoup la pale, sa pèmèt ou wè ki sa yo vrèman bezwen aprann. Epitou, w ap ka ede yo konprann ki kantite konesans yo deja genyen. Yon moun ki santi l byen konprann yon pwoblèm ap pi alèz pou l chèche rezoud li.

Se pou w montre respè pou moun w ap anseye yo, epi asire w sa w ap di yo se bagay ki itil yo nan lavi yo.

- **Chita nan yon sèk tou won san yon moun pa pi wo pase lòt.** Sa fè w rete nan menm nivo ak tout moun, e konsa w pa bay enpresyon se ou menm sèlman ki gen konesans.
- **Byen prepare w.** Byen reflechi sou sa w vle pataje anvan w kòmanse anseye.
- **Itilize plizyè metòd pou w anseye.** Tout moun pa aprann menm jan an, e chak moun ka aprann yon bagay pi byen si w anseye l diferan fason. Apre w fin pale avèk gwoup la sou maladi moun pran nan fè sèks, gwoup la ka monte yon ti pyès teyat sou sa yo te aprann. Oubyen tou, yo ka fè postè pou distribye nan kominote a.



Lè w poze kesyon, sa pèmèt ou konprann ki sa moun yo deja konnen, ki sa yo vle aprann, epi ak ki difikilte y ap fè fas.

Toujou sonje gen moun ki deja abitye pale devan anpil moun. Gen lòt ki ka pè sa. Ankouraje yo pataje pansè yo, sitou sa ki pa t rive lwen lekòl yo oubyen sa ki timid. Pou w jwenn plis konsèy sou ki jan pou w anseye yon fason pou moun vrèman aprann, gade liv ki rele *“Helping Health Workers Learn” (Ede Pwofesyonèl Lasante yo Aprann)*.

## Pataje konesans ou avèk moun w ap pran swen yo

Lè yo gen bonjan enfòmasyon, chak fi kapab konprann kòman kò l fonksyone epi kòman pou l pran desizyon ki saj parapò ak sante l. Chak fwa w konsilte yon fi ansent oswa w ap pran swen l, esplike l ki sa w ap fè e pou ki rezon w ap fè l. Reponn nenpòt kesyon li genyen konsènan kò l oswa sante l.

## Admèt gen bagay ou pa konnen

Pa gen moun ki gen tout repons. Gen pwoblèm ki pa fasil jwenn solisyon! Admèt lè w pa konnen yon bagay, epi sa ap pèmèt moun pi kwè nan sa w konnen an.

## Swen sante ki montre respè ak konpasyon

Tout moun merite respè. Antanke moun k ap travay nan domèn swen sante a, fason w trete yon fanm ansent gen yon enpòtans patikilye. Souvan fanmsaj yo se otorite moun fè konfyans. Yon ti pawòl ankourajman ka gen yon gwo efè sou yon fanm ansent pou l ka pi kwè nan kapasite l genyen pou l pran swen tèt li a.

Tandiske, yon vye pawòl san reflechi ka fè l mal pandan plizyè ane.

### Pa kritike moun

Gen fi ki abitye moun derespekte yo. Lè w kòmanse travay ak yon fi ki fin abitye yo derespekte l akòz laj li, travay li fè, ras li, relijyon l, nivo ekonomik li, domaj fizik li genyen, oswa pou nenpòt lòt rezon, li ka atann ou pral ba l move jan tou. Ou ka soulaje l sèlman lè w montre l ou la pou w koute pwoblèm li epi pou w ede l, nonpa pou w jije l oswa kritike l.

### Suiv pwòp konsèy w

Moun plis suiv sa w fè ke sa w di. Piske fanmsaj se moun yo respekte nan kominote a, bagay w fè yo ka ankouraje lòt moun pran swen tèt yo pi byen. Si w bay pitit pa w la tete, lòt fi nan kominote a ap pi fasil bay pitit pa yo tete tou. Si w pa fimen, lòt fi ka suiv egzanp ou e yo pa fimen oswa yo kite fimen an. Viv lavi pa w menm jan w ta renmen lòt moun viv pa yo.



### **Ede moun ede tèt yo**

Chak moun gen dwa pou yo deside ki sa yo vle fè ak pwòp kò yo. Eitou, chak moun ta dwe pran responsablite pou yo chèche tretman pou tèt yo. Konsa, yo ka vin responsab pwòp sante yo ak sante kominote yo a.



### **Koute plis, pale mwens**

Souvan yon fi bezwen yon moun ki pou koute l san l pa kritike l. Epi, pandan l ap pale, li ka remake li deja gen kèk nan solisyon pou pwoblèm li yo.

### **Pale sou sijè difisil yo san kache anyen**

Gen fi ki timid, ki jennen, oswa ki twouble parapò ak pwoblèm yo. Ou jwenn sa sitou parapò ak pwoblèm nan fanmi oswa sèks. Lè yon fanmsaj pale sou bagay sa yo onètman e san l pa kache anyen, souvan li ka remake gen anpil fi ki gen menm pwoblèm yo. Lè w alèz epi w pale fran avè yo sou fanmi yo, sou sèks, e sou sante yo nan zafè sèks, w ap ede medam yo santi yo pa poukont yo, epi w ap ka ede yo rezoud pwoblèm ki ka gen gwo konsekans sou sante yo.

### **Pa devwale bagay ki konfidansyèl**

Pinga w janm rakonte pèsoun moun zafè sante lòt moun, sof si moun nan di li dakò sa. Epi, lè w ap pale ak pasyan sou zafè sante yo, fè sa yon kote ki apa pou pèsoun pa tande sa n ap di yo.

Sa ki enpòtan sitou se respete zafè prive fi a anrapò ak maladi moun pran nan fè sèks, foskouch ak avòtman, oswa pwoblèm nan fanmi. Ou pa dwe janm pataje enfòmasyon konsa san pèmasyon fi a.

*Mwen pap janm di pèsoun sa w di m nan.*

*Mèsi. Mwen santi m soulaje lè m ka pale alèz konsa.*



Yon fanmsaj pa dwe rakonte zafè prive lòt moun.

Se yon sèl lè w ka gendwa pataje enfòmasyon sou sante yon moun: si yon pwofesyonèl lasante ap pran swen moun nan pandan yon ka dijans, l ap bezwen konnen istwa sante fi a pou l ka ba l swen ki apwopriye e ki efikas.

## Travay pou amelyore sante medam yo

Fanmsaj pa la sèlman pou fè tretman chak fwa yon moun gen pwoblèm sante. Gen anpil bagay ki ka lakòz pwoblèm sante. Kòz la kapab fizik, sosyal, ekonomik, oswa politik. Lè w jere kòz sa yo, sa ka pèmèt medam yo evite anpil pwoblèm sante epi sa ka pwoteje yo.

Travay pou rezoud pwoblèm sosyal epi amelyore sante fi se pa bagay yon fanmsaj ka fè poukont li. Li dwe travay avèk tout kominote a. Lè tout moun mete tèt yo ansanm, li vin posib pou yo konprann pwoblèm yo epi jwenn solisyon pou yo. Gade paj 28 la pou w jwenn plis enfòmasyon sou ki jan nou ka kolabore ansanm pou nou pote chanjman.

## Moun ki gen enfliyans sou sante medam yo

Gen anpil moun ki ka gen yon enfliyans sou sante medam yo. Pou w pran swen yon fi, ou dwe kolabore ak moun sa yo tou.

Men kèk nan moun ki ka gen yon enfliyans sou sante medam yo:

- Mari l, pitit li, papa l ak manman l, ak lòt paran.
- Patwon l ak kolèg travay li yo.
- Vwazen l ak zanmi l.
- Otorite nan kominote a; sa gen ladan l chèf relijye, otorite leta, ak chèf katye yo.
- Lòt pwofesyonèl lasante tankou medsen fèy, doktè, ak travayè sante kominotè.



Kominote a gen pouvwa pou l pwoteje oubyen detwi sante yon fi.

Nenpòt moun ki enfliyanse fason yon fi travay, manje, fè sèks (oswa pa fè sèks), oswa fè okipasyon l chak jou, moun sa a gen yon efè sou sante fi a. Pafwa se yon efè pozitif: li pwoteje e amelyore sante fi a. Pafwa tou li gen yon efè negatif: li mete sante ak byennèt fi a an danje.

Pa egzanp, sa ka pa itil pou w di yon fanm ansent pou l manje pi byen si mari l toujou manje anvan l epi pa gen ase ki rete pou fi a. Menm li menm li ka kwè grangou mari l ak grangou pitit li yo pi enpòtan pase grangou pa l la. Ki lòt moun ou ka mande pou yo ede amelyore nitrisyon fi a si l pa jwenn ase manje?

- Mari fi a ki manje anvan an. Petèt ou ka pale avè l sou ki kantite manje yon fanm ansent bezwen.

- Mesye yo k ap viv nan kominote a ki atann pou yo manje anvan. Li pi fasil pou mari fi a chanje si gen lòt mesye nan kominote a ki chanje tou. Ou ka òganize yon reyinyon pou mesye yo ak medam yo pou nou diskite poukisa fanm ansent dwe manje plis pou yo ka an sante. Si youn nan mesye nan kominote a dakò fi dwe manje menm jan an oswa pi byen pase mesye yo, sa ap ouvri pòt la pou lòt mesye yo dakò tou.
- Timoun yo, paske yo menm tou yo pral vin manman ak papa pi devan. Chak fwa yon gason manje anvan epi li manje plis, apre sa fi a manje epi li manje mwens, timoun yo wè sa epi yo aprann grangou yon gason pi enpòtan pase grangou yon fi. Si w pale ak gwoup timoun lekòl oubyen si w chanje fason fanmi pa w la manje, pwochèn jenerasyon an ka vin aprann pou yo bay gason ak fi menm valè.

Ki moun ou panse ki ka ede w asire ap gen ase manje pou tout moun?

### Gason ka pran swen sante fi

Chak fwa w kapab, ankouraje gason yo pou yo kolabore pou amelyorasyon sante medam yo. Mari yo, papa yo, pitit gason yo, chèf yo, lidè relijye yo, patwon yo, ak lòt gason, yo tout jwe yon wòl nan nivo sante medam yo. Si mesye yo nan kominote a santi yo responsab sante medam yo, se tout kominote a k ap benefisye. Fanmsaj yo ka ede mesye yo wè jan yo enplike.

Pwofite responsablite ak kapasite mesye yo deja genyen yo. Pa egzanp, nan anpil kominote yo konsidere gason yo kòm pwotektè. Ede mesye yo aprann kòman pou yo pwoteje sante medam yo.

Ankouraje mesye yo pou yo pataje nan responsablite ki genyen nan gwosès ak nan okipasyon timoun. Mesye yo ka okipe timoun menm jan medam yo fè sa: chouchoute yo, benyen yo, bay yo manje, anseye yo, epi jwe avèk yo.



Envite ni gason ni fi nan reyinyon nou fè nan kominote a, epi ankouraje fanm yo pou yo pale ladan yo.

Kolabore ak gason ki sousye yo de bezwen medam yo. Yo ka pale ak lòt gason ki pi fasil koute gason parèy yo.

Bay konsèy ki pratik. Menmsi yon gason sousye l anpil de sante madanm li, li ka pa konnen ki kote pou l kòmanse. Pa egzanp, men kèk sijasyon:

- Di mesye yo kòman yo ka fè egzamen pou wè si yo gen maladi moun pran nan fè sèks, epi kòman pou yo jwenn tretman. Si se fi a sèlman ki fè tretman, l ap rebran maladi a ankò tousuit nan men patnè l la.
- Esplike mesye yo lè madanm yo ansent, fòk gen moun ki ede yo fè travay nan kay la.
- Pandan yon fi gen tranche, montre mesye a ki jan epi ki kote pou l fwote do madanm li pou l ka soulaje doulè l.

## TRAVAY ANSANM POU SOVE LAVI

Lè fanmsaj kolabore ak tout kominote a, yo ka jwenn solisyon k ap ede fi y ap bay swen yo, oswa menm k ap ede tout moun nan kominote a. Men yon istwa ki te pase toutbon:


### Yon solisyon entèlijan

Nan yon ti bouk andeyò nan peyi Afrik Delwès, lè yon fi gen pwoblèm pandan l gen tranche, li difisil anpil pou l al lopital. Pa gen anpil machin, e pifò chofè taksi pa vle mennen fi ki gen tranche. Lè yon fi an danje, pa gen anpil bagay fanmsaj la ka fè pou l ede l.

Kèk fanmsaj ak abitan zòn nan te diskite sou pwoblèm nan, epi yo te jwenn yon solisyon pratik. Menmsi moun nan zòn nan pa t gen machin, yo te rete toupre yon gwo wout. Lajounen kou lannuit gwo kamyon t ap monte desann pou yo pote pwovizyon nan vil. Gen yon moun ki te sijere yon fi ki gen yon pwoblèm pandan l gen trache ta ka vwayaje ak yon chofè kamyon.

Pou plan sa a mache, moun yo te bezwen asire yo chofè kamyon yo t ap kanpe pou yo lè gen bezwen. Yo te pale ak yon moun nan sendika chofè kamyon yo. Manm sendika yo te byen kontan ede, e kounye a yo gen yon sistèm ki senp men ki efikas.

Lè yon fi bezwen al lopital, fanmsaj la tann yon ti drapo jòn bò wout la. Lè yon chofè kamyon k ap pase wè drapo a, li kanpe pou l pran fanm ansent la ak tout fanmsaj la, li mennen yo lopital.



Nan travay men nan men youn ak lòt, ak abitan zòn nan, ak chofè kamyon yo, epi ak sendika a, fanmsaj sa yo te ede sove anpil vi.






## Fè travay ou ak kè kontan

Si w vle lòt moun patisipe nan efò k ap fèt pou amelyore lavi yo ak sante yo, ou menm ou dwe pran plezi ladan l. Sinon, kiyès k ap vle suiv egzanp ou?

Pifò fanmsaj fè travay yo poutèt yo renmen l e pou yo ka sèvi kominote a. Menm lè travay y ap fè a gen anpil valè, li pa fasil pou yon fanmsaj byen touche (se yon verite ki tris, nonsèlman pou yo, men pou anpil moun k ap travay nan domèn swen sante a, oswa fi k ap travay an jeneral). Menm lè sa a, si yon fanmsaj travay di epi li mete bezwen kominote a an premye, souvan moun l ap sèvi yo ap respekte l e y ap apresye l.



Kit ou touche, kit ou pa touche pou travay w ap fè a, pinga w janm refize pran swen yon malerèz ki pa ka peye w. Tout moun merite jwenn bonjan swen ak atansyon w ap bay la.

Anpil fwa travay yon fanmsaj pa fasil. Yo travay anpil, yo pèdi somèy, yo fatige kò yo depase, epi yo fè lespri yo fè anpil efò. Fanmsaj yo santi yo gen yon gwo responsablite sou do yo, sa ka lakòz yo strese oswa yo gen lapenn. Pifò fanmsaj aksepte tout pwoblèm sa yo paske yo kwè travay yon fanmsaj pote anpil benediksyon. Lè w anseye medam yo ak fanmi yo konsènan kò yo, sante yo, ak tretman gwo pwoblèm sante, oswa lè w patisipe nan ede mete yon nouvo vi sou tè a, tout sa yo se travay ki pi enpòtan yon moun ta ka fè, e yo bay kè kontan. Sosyete a bezwen travay fanmsaj yo paske fanmsaj yo ede sosyete a vin pi fò, pi an sante, e pi an sekirite.

